

## ИРИСХЪИ ИГАКÆЙ ЛЕДЗÆН НÆЙЙЕС – АРÆХСÆ СИ РÆСТМÆ ПАЙДА КÆНУНМÆ!..

*ЦÆГÆРАТИ Максим (1916-1990), Цæгат Иристони адæмон финсæг: «Цард уотæ ’й. Кæми нæ фудуагæ бурдæнти исмедæг кæнуй, кæми нæ гургъахъ нæдтæмæ ракæнуй, кæми нæ æвæд тæссартæмæ исаразуй, кæми ба нæ деденгутæй фæлуст игуæрдæни равзурун кæнуй. Цард дæр уомæн хуннуй – аллихузон æй, æ хуарзæн дæр æма зинæн дæр кæрон нæййес...» Æма имæ мах дæр уæхæн цæстæй ку кæсæн, уæд цардгъондæр кæндзинан...*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№44 (1013) 2025 анзи 22 ноябрь – геуæргобай мæйæ

Аргъ 1 туман


РÆСТÆГÆЙ РАСТДÆР ТÆРХОНГÆНÆГ НÆЙЙЕС – АЛЦÆМÆН ДÆР АРГЪ КÆНУЙ, КА СИ ЦÆЙ АККАГ ÆЙ, УОТЕМÆЙ...

# ФИДИБÆСТИ ЕВГЪУД ХУÆРЗИМИСУНÆЙ ИРÆЗУЙ НÆ ФЕДАУЦÆ ДУЙНЕЙ ДÆР!..



Хамид САВКУЕВИ конд хузæ «Дорæхсæнтæ». Ист æй социалон хизæгтæй.

Не ’хсæнадæн, æвæдзи, æ уодиконди æй е, æма нæмæ æндæрхузон цардиуагæ аразунмæ куддæр бавналунцæ, уотæ хуæрзагадæй нецима исаразгæй, фаунтæй æма федистæй дорадзагъд кæнун байдайæн евгъуд рæстæгути цидæриддæр адтæй, уонæбæл: раст си ци адтæй æма си бафауйнаг ци адтæй, уой не ’взаргæй. Уотæ рауадæй Советон Цæдеси фехæлди рæстæги дæр. Уæрæсей «нæуæг цардиуагæ аразгутæ» нецæмæй байаурстонцæ, советондзийнадæ ’й, зæгъгæ, цидæриддæр банимадтонцæ, уони искунæг кæнунбæл.

Е цæйбæрцæбæл фудзунддзийнадæ адтæй, уой фæсмонгæнгæй нур бæргæ балæдæрдтан, фал... Уæди æнахъæл миути фудæй нæхе фæффудевгед кодтан, размæ æнтæстгиндæрæй цæунæн нин ахедгæ агъаз нæ фæцайдæ, еци хуарздзийнæдтæй.

Мах нæ газети фæрстæбæл нæ Фидибæсти евгъуди цаутæ æма хабæртти фæдбæл æрмæгутæ мухур кæнгæй, нуриуæнгæ æвдистан æма идарддæр дæр æвдесдзинан, нæ дзиллæн куд цитгийнаг æнцæ уой рæстади бундорбæл. Зæгъæн, советон цардарæзти фехæлди хæццæ советон бæрæгбæнттæй хъодигонд кæбæл æрцудæй, уонæй еу иссæй Цитгин Октябри бон. Махæй ба нæй иронх, уомæн æма еци алæмæти ахсгиаг цауи æма уой фæсте советон цардарæзти гъуддæгути ка архайдта, етæ рæстудæй хъиамæт кодтонцæ нæ Фидибæсти, фæллойнæгæнæг дзиллити зæрдæмæдзæугæдæр цардиуаги сæрбæлтау.

Уомæ гæсгæ ба нин имисуйнаг æнцæ сæ рохс нæмттæ. Уонæй еу – уорсдойнаг революцион архайæг Лолати Гъуллæ. Уой туххæй æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.

Абони ма ерæн советон номдзуд разамонæг Михаил Ивани фурт Калинини рохс ном дæр – хуæрзæрæги, 19 ноябри æ райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма авдинсæй анзи (1875-1946). Имисгæ ба ма ’й уомæ гæсгæ дæр кæнæн, æма ин федар æрдхуарддзийнадæ адтæй не ’мзæнхон номдзуд лæгти хæццæ, уæдта иуазæгуати уидæ Цæгат Иристони дæр. Уой фæдбæл æрмæгутæ ба кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.

ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ



## СÆЙГИТИ УОДÆНЦОЙНÆН

Цæгат Иристони цæргутæй, онкологон незтæй фæссæйгæ унæй ин тæссаг æй, зæгъгæ, кæбæл секк кæнунцæ, уонæн ес гъæугæ дохтиртæмæ кезуй æнгъæлмæ нæ кæсгæй хе ниффинсуни фадуат.

Уой фæдбæл нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Митцити Астан** æ телеграм-канали уотæ финсуй: «Нурæй фæстæмæ сæйгити нæ гъæудзæнæй регистратурæмæ хе цæун æма кезуй лæуун. Алкæмæн дæр си уодзæнæй фадуат, æ хæдзарæй нæ рацæугæй, телефон æма электрон сервиси фæрци æнæ дзебæлæй гъæугæ специалисттæмæ – терапевтмæ, хирургмæ, кенæ онкологмæ хе ниффинсуни равгæ.

Æ загъдмæ гæсгæ, бундорон диагностикæ æнхæст кæнуни гъуддаг рæвдзæдæр кæнуни фарстамæ нæ республики бæлвурд æргом æздæхт цæуй:

– Онкодиспансери ефтонггæрзти хæццæ баст уавæр зонæн. Магнитон-резонансон æма компьютерон терапийи аппараттæ куд цалцæг кæнунцæ, уомæ комкоммæ уагæй цæстæ дарун. Аци ефтонггæрзтæ рæхги цæмæй искосонцæ, уой туххæй агорæн æхцайæй ефтонггади уæлæнхасæн мадзæлттæ.

*Нæ уацхæссæг*

НÆ МАДДÆЛОН ДИГОРОН ÆВЗАГ ХЪАЗАР КÆМÆН ÆЙ, Æ КАРНÆБÆЛ ИН КА ТУХСУЙ, УОНÆЙ КОРÆН:

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

2026 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆРДÆГÆН ÆЙ 345 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.

№44. 2025 анз.
22 ноябрь – геуæргобай мæйæ
ДИГОРÆ

***Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Рæстдзийнадæ рартасунæн æма æ балæдæрунæн алцæмæйдæр агъазиаудæр цæлхдор мæнгæдзийнадæ нæй, фал, рæстдзийнади хузи ка бацæуй, еци фæливд миуæ...» Аци загъд ни æруагæс кæнуй, нæ Фидибæсти евгъуди хабæрттæбæл бæл хахуртæ æма цъифкалæнтæ ке кæнунцæ, уомæ гæсгæ дæр.***

# МÆНГАРДÆН Æ ХИЙНÆ ÆХЕБÆЛ ÆРЦÆУЙ!..



Уæрæсей æфсæдтæ Цæгаттаг тугъди рæстæги. Хузæ ист æй социалон хизæгтæй.

Нæ Фидибæсти ирисхъæбæл уæддæр ести хузи ка фæббæрæг æй, еунæг уæхæн цау дæр, æвæдзи, нæ разиндзæнæй æ берæвазуггин дæргъвæтийнæ анзфинсти. Уонæй еу æрцудæй 325 анзей размæ, 1700 анзи 30 августи – е нæ бæсти цардвæндагæн уæхæн цæхгæр фæззилд рауадæй, æма ин муггагмæ фендæрхузон кодта е ’ндагон бакаст дæр æма æндарг дæр. Нæ уæди паддзахади разамунд Швецийæн балæдæрун кодта, æ нихмæ истохун ке исфæндæ кодта, уой. Гъе уотемæй Уæрæсейæн раймæдта Устур Цæгаттаг тугъд, кæци фæццудæй еу æма инсæй анзи æма еуæндæс бони. Уой туххæй рагæй нуриуæнгæ дæр берæ аллихузон æрмæгутæ финст æрцудæй, фæззиндтæнцæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ нур дæр. Зæгъæн, алликъуæреуон газет «Аргументы и факты»-йи æрæги мухургонд æрцудæй Константин Кудряшови уац «Море обмана».

Ка ’й зонуй, еске уотæ дæр зæгъдзæнæй, гъома, еци недзамайнаг хабæртти туххæй дзубандитæ ма кæми гъæунцæ. Баругæс уи уæд, гъæунцæ!.. Мæнæ ци уаци кой искодтан, уомæн æ дæлсæргонди куд загъд ес, уотемæй Уæрæсей е ’мцæдесонтæ иселлæг кодтонцæ турккæгти æма шведти нихмæ тугъди бацæунмæ, цæмæй сæхуæдтæ ба уой фæрци зингæ æфтуйæгтæбæл фæххуæст адтайуонцæ.

Æма абони ба уотæ нæй? Куд уæди рæстæгути, уотæ нур дæр нæ Фидибæсти фуддæрадæмæ бæллæг фæсарæнтæ се ’лгъистаг миутæй – кæми æргомæй, кæми ба фæливдæй – гъавунцæ, цæмæй син мах исæргудзæг кæнуни фæрци бантæсонцæ сæ тæходуйаг бæлдитæ.

Æма, мæнæ ци уаци кой ракодтан, уой сæргонд «Море обмана» дæр балæдæрун æнгъезуй дууæ хузи: «Сайди денгиз», кенæ ба «Денгизи æмбæрцæ сæйдтитæ». Растдæр уодзæнæй, æвæдзи, дуккаг балæдæрд. Уомæн æма уæхæн уавæрти бахаудтæй Уæрæсе, 1700-1721 æнзти ка цудæй, еци Цæгаттаг тугъди рæстæги.

## ДЕНГИЗТÆМÆ НÆДТÆ БАЙГОН КÆНУН – ЦАРДГЪОНГÆНÆГ БÆЛДÆ

Уæхæн тугъд ракъахгæй, нæ бæстæ берæ мæгур бæнттæ бавзурста: кæми фæуууæлахез уидæ, кæми ба састи бунати дæр байзайидæ, цалинмæ ин кæронбæттæн нæ иссæй, цæмæдæр гæсгæ уæлахезонбæл ке нимайунцæ, еци Ништадтаг бафинст. Уоми куд амунд æрцудæй, уотемæй Уæрæсебæл бафтудæй Прибалтики бæстихай.

Тугъди рæстæг дзурдтаг зæнхи хайбæл цæугæдон Невай донæфтауæни Уæрæсей паддзах Петр Фиццаг аразун райдæдта, нæ уæди паддзахадæн сæйраг сахар ка иссæй, уой. Æ бундорæвæрæг æй айдагъ Санкт-Петербург нæ худта, фал ма ’й худта «Парадиз» дæр, гъома, «дзенет».

Еци гъуддаг цæйбæрцæбæл ахсгиаг адтæй Уæрæсейæн, е бæлвурд æй Александр Пушкини поэмæ «Медный всадник»-и мæнæ аци рæнгъитæй дæр: «Природой здесь нам суждено в Европу прорубить окно, ногою твердой стать при море…» Æрдзæ æма ирисхъи хæццæ ба зин тохгæнæн æй. Гъе уотæ комкоммæ лæдæрд æй е дæр, æма денгизтæмæ нæд байгон кæнун Уæрæсей хъæбæр æхсицгæ гъудæй.

## НÆ АРХАЙД АДТÆЙ ХЪÆРÆУТИ ХУЗÆН

Уогæ историон æвдесæнтæмæ ку æркæсæн, уæд нæ бон æй федарæй зæгъун уотæ дæр, æма Уæрæсейæн уой размæ дæр фадуæттæ адтæй денгизмæ рацæунæн. Æрдзон уавæртæмæ гæсгæ зингæ пайдайагдæр. Никки ба ма, æфсад æма денгизон флотбæл зингæ фæрæзнитæ исхарз кæнгæй, еци рацæуæн иссайдæ уотид «Европæмæ къæразгæ» нæ, фал фæтæн колдуар байгон кæнуни хузæн.

Дуккаг Азоваг балци 1696 анзи арæзт ку æрцудæй, уæд уой фæрци Уæрæсебæл айдагъ Азови федар æма æ алфамбулайтæ нæ бафтудæнцæ, фал ма Сау Денгизи билгæрæнтти дзæвгарæ хай дæр æ берæнимæдзон «днепроваг сахарти» хæццæ дæр. Етæ сæйрагдæр адтæнцæ Днепри æндзæрти æвæрд турккаг федæрттæ. Цубур дзурдæй, уотемæй Азови æма Сау денгизтæмæ рацæуæнтæ мах бацæнцæ, уой хæццæ ба ма фæззиндтæй равгæ уордигæй Хъирими æрдæгсакъадахбæл æртеголæ унæн, æма, Астæуккаг денгизмæ нæдтæ ка байгон кодтайдæ, еци донбакæлæнтæ байахæссунæн.

Уæдмæ Уæрæсе иссæй, «Цитгинти къуар», зæгъæ, цæдеси иуонг, кæци 1686 анзи арæзт æрцудæй турккæгти нихмæ архайуни нисанеуæгæй. Уомæй Уæрæсей паддзах гъавта æхе бæлдитæ исæнхæст кæнун – æ зæрди адтæй, ци тугъд цудæй уæди уæнгæ, уой æндæр надмæ раздахун. Европæмæ цæугæй, Петр Фиццаг агурдта нæуæг æмцæдесонтæ, кæцитæ, сæ хъауритæ байеу кæнгæй, æ фарс фæцæйуонцæ æма æмдухæй рахуæстайуонцæ æ нихмæлæугутæбæл, кенæ ба имæ уæддæр материалон æгъдауæй фæккæстайуонцæ. Петр Фиццаг курдта æфстæуттæ Англи æма Голландийæй турккаг султани нихмæ тугъдæн.

Гъуддаг уомæ цудæй, æма Уæрæсе тагъд рæстæги гъæуама раурух кодтайдæ, денгизмæ рацæунæн ин ци нæдтæ адтæй, уони. Æма Петр Фиццаг Европæй куддæр æрбаздахтæй, уотæ ницъавта Воронежмæ, донаг наутæ аразæнтæмæ. Уоми цæттæгонд цудæй нæуæг флот. Уой хæццæ ба ма цæттæгонд цудæнцæ еудадзугон æфсади полктæ, кæцитæ тухгиндæргонд æрцудæнцæ, дууинсæй мин адæймагей бæрцæ кæми адтæй, æхсгути уæхæн корпусæй.

Фал еци цæттæгæнæн мадзæлттæ, кæд æма сæбæл берæ хъауритæ æма фæрæзнитæ харзгонд æрцудæй, уæддæр цæмæдæр гæсгæ æнæнгъæлти уорæд æрцудæнцæ. Æма райдæдта Балтикæ байахæссунбæл тугъд.

Фæстæдæр зундгонд историк Василий Ключевский финста: «Цæгаттаг тугъди хузæн æнæрагъудигонд æма æдзæттæгондæй Уæрæсе æ тугъдтитæй еунæгей дæр некæд райдæдта…» Е дæр раст æй – фæстæдæр Петр Фиццаг æхуæдæг дæр бастастæй: «Нæ æнарæхстдзийнадæ уомæй дæр рабæрæг æй, æма знаги тухтæ æма равналæнтæ нæ базонгæй, хъæрæути хузæн райдæдтан тугъд…»

## ÆНÆНГЪÆЛТИ КА ФÆЗЗИНДТÆЙ, ЕЦИ МИНÆВАРИ «ХУÆРЗТÆ»

Уæди рæстæгути цаутæ æма хабæрттæ имисгæй, искæнун æнгъезуй уæхæн хатдзæг: Уæрæсебæл фиццаг æма фæстаг хатт гадзирахаттæй нæ рацудæнцæ е ’мцæдесонтæ. Цæгаттаг лиги архайæг паддзахадтæ еугурæй дæр 1699 анзи сосæг бадзурд исфедар кодтонцæ Турки хæццæ. Уотемæй Уæрæсе тухгин Османаг паддзахади нихмæ еунæгæй, æнæцæдесонæй райзадæй. Уæхæн уавæрти гъар денгизтæмæ над ракъæртт кæнунæн равгæ нæбал адтæй. Барæ-æнæбари дæр Уæрæсей паддзахи багъудæй е ’ргом Балтикæмæ раздахун. Уобæл æй æууæндун кодтонцæ æ нæуæг æмцæдесонтæ – Дани, Саксони æма Речь Посполитайæ. Еци паддзахадтæй арæзт æрцудæй нæуæг Цæгаттаг лигæ. Æргом ку зæгъæн, уæд нæуæг æмцæдесонтæ дæр раздæригæнттæй берæ æнæмæнгарддæр нæ разиндтæнцæ.

Саксоний курфюрстæн æма уой хæццæ ба ма Речь Посполитайи къарол Август Дуккагæн адтæй унаффæгæнæг, прибалтийаг гъæздугутæй рацæуæг Иоганн Паткуль, кæци æ паддзахи æууæндун кодта: «Æмцæдесондзийнади пактмæ бахæссун гъæуй уæхæн фæткæ, кæцимæ гæсгæ Петр Фиццаг ихæсгингонд æрцæуæд, цæмæй къаролæн агъаз кæна, знæгти фæдти дорадзагъдæй æ цард иснивонд кæнунмæ цæттæ ка уа, уæхæн æфсæдтæй, æма уотемæй гъæуайгонд куд æрцæуонцæ къароли æфсæдтæ…»

8

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

## ЕВГЪУДÆН Æ НОМ Æ УÆЛЕ ÆЙ...



**Евгъуд рæстæгути цаутæ æма хабæрттæ раййеvæ-баййевæ кæнун æнгъезуй? Уæхæн фарста дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ уæрæсейæгтæй кæмæ равардтонцæ, уонæн се ’мбесæй фулдæр (54%) куд нимайунцæ, уотемæй еци цаутæн æма хабæрттæн гъæуама еугæндзойнон аргъгонд цæуа æма рæстæгути цидæр хецæндзийнæдтæмæ гæсгæ рафæлхатæ-бафæлхатæ кæнун нæ гъæуй. Уой хæццæ 37% ба уотæ гъуди кæнунцæ, æма истори финсуни гъуддаг æй æнæфæуууогæ гъуддаг, æма алли фæлтæрæн дæр разиннуй æхе цæстингас æма лæдæрундзийнадæ.**

**Æрфарст адæмæн сæ 90% куд загътонцæ, уотемæй син цæмæдесаг æй нæ бæсти истори. Уæлдай цæмæдесаг ба дзиллæн æй æма сæмæ уæлдай разæнгарддзийнадæ æвзурун кæнунцæ хуæрзæрæгий цаутæ æма хабæрттæ. Уомæ гæсгæ ба син евгъуд рæстæгутæмæ рабалци кæнуни равгæ ку уидæ, уæд си сæ фулдæремæн бæлдтагдæр æй XX æнос (29%). Идарддæр ба амунд цæунцæ XIX æма XVIII æностæ (16% æма 12%). Евгъуд дзаманти номдзуд архайгутæй ба сæмæ уæлдай нимади ’нцæ Петр Фиццаг (17%) æма Иосиф Сталин (15%). Уони цитгиндзийнадæ, адæми гъудимæ гæсгæ, уомæн бæрзонд æй, æма етæ арæхстæнцæ бæлвурд гъæугæ гъуддæгутæ тæккæ æнтæстгиндæрæй аразунмæ.**

* * *

**54 % – историон цаутæ æма хабæрттæн гъæуама аргъгонд цæуа еумæйаг хузи æнæ раййевæ-баййевæ кæнгæй**

**37% – историон цаутæ æма хабæрттæ еци еугæндзон хузи аргъгæнæн нæййес**

**9% – бæлвурдæй ести зæгъун нæй мæ бон**

***Дууæ æма цуппаринсæй анзей размæ (1943 анзи 28 ноябри) Тегерани арæзт æрцудæй æртæ æмцæдесон бæстей – ССР Цæдеси, Америки Еугонд Штатти æма Устурбритании разамонгути конференци. Хаст си æрцудæй Дуккаг дуйнеуон тугъд фæууни фæдбæл ахсгиаг унаффитæ.***




Нæ Фидибæсти сæрбæлтау тохгæнгути номерæн мемориал сахар Дигорай. Æ бæрæгастæу монумент ин исаразта зундгонд скульптор ДЗБОЙТИ Михал.

# Æ ЦАРД ИССÆЙ ЗАРИ АККАГ



**ХЪОДЗАТИ Æхсар (1937-2021),**
Цæгат Иристони адæмон поэт:

***– Фæлмæн идзулунцæ сæрустур цæститæ. Арф сагъæс цæргæси аууони хузæн байзадæй сæ медæгæ. Æцæг сæ нифси цæхæр нæ хуссуй. Бæзгин бецъотæ цæргæси базурти хузæн сæхе парахаттæй рагæлстонцæ фæйнердæмæ. Еу загъдæй, нæртон карди хузæн æлвæст лæхъуæн. Гъе уотемæй мæмæ кæсуй Лолати Гъуллæ къарæй. Уæхæнæй æй имисунцæ æ зонгитæ, е ’мтохгæнгутæ…***

Райгурдæй зар… Лæгигъæдæ æма намусбæл… Нæ адæм рагæй нуриуæнгæ дæр арæхстæнцæ лæги ном бæрзонд хæссунмæ. Бæгъатæртæбæл кодтонцæ кади зартæ. Уонæбæл ма бафтудæй еу – Лолати Гъулли зар. Ахид райгъусуй радиойæй. Ка адтæй Гъуллæ? Æ ном цæмæн иссæй зари аккаг?

Дзорунцæ евгъуд бæнттæ. Рæстæги сæлфунæг кæбæл фæууардта, къахдзæфти хузæн фæд кæбæл байзадæй, еци гæгъæдити сифтæ исдзурдтонцæ фæсос гъæлæси уагæй. Дамугъатæ, цума карз тугъдтити хъуæцæй ферхуæстæнцæ, уой хузæн кæми мæтъæлæй, кæми ба тингунæй кæнунцæ адæймаги ирисхъи таурæхъ.

Къарæй нæмæ фæлмæн идзулунцæ сæрустур цæститæ. Арф сагъæс цæргæси аууони хузæн байзадæй сæ медæгæ. Æцæг сæ нифси цæхæр нæ хуссуй. Бæзгин бецъотæ цæргæси базурти хузæн сæхе парахаттæй рагæлстонцæ фæйнердæмæ. Федар уадæлттæ. Цæсгон æма гурикондд дзорунцæ аци адæймаги нифс æма хъаурæбæл. Бæзæрхуг усхъитæбæл хъæбæр аййев бадунцæ цохъа, фæтæнком хъæма. Еу загъдæй, нæртон карди хузæн æлвæст лæхъуæн.

Гъе уотемæй мæмæ кæсуй Лолати Гъуллæ къарæй. Уæхæнæй æй имисунцæ æ зонгитæ, е ’мтохгæнгутæ…

Сабийæй бавзурста Гъуллæ æхебæл æнауæрдон кусти уæзæ æма царди фудадæ. Æ райгурæн Уорсдони æма Киристонгъæуи алливарс ци зæнхи тъæпæнтæ адтæй, етæ еугурæй дæр адтæнцæ барагген баделиати къохи. Гъуллæ æхе зонунгъон ку фæцæй, уæдæй фæстæмæ уидта, мæгур зæнхкосæг адæм ци гъезæмæрттæ æвзурстонцæ, бонгинтæ сæ искæсун куд нæ уагътонцæ, уой.

Æ маст фунхтæй æригон лæхъуæнæн, фæндадтæй æй æфхуæрд фæллойнæгæнгутæн естæмæй фæййагъаз кæнун. Фал ци исаразтайдæ еунæгæй? Æма уæд æмбурд кæнун райдæдта æхе хузæн тохгæнгути.

Сæ мæстæйдзаг зæрдитæ син нифсгун æма разæнгард кодта, мæнæ раст зари куд æй: «Цæрун нæ ку нæбал уадзунцæ аци ездæнттæ…»

Кæдмæ уотæ уодзæнæй, кæдмæ нин цъирдзæнæнцæ, мулкитæй бафсес кæмæн нæййес, еци бонгинтæ нæ тог? Уæхæн гъудити хæццæ æрæмбурд æнцæ Гъуллæ æма е ’мбæлттæ. Алкедæр си æууæндтæй, цагъайраги догæ берæ ке нæбал рахæсдзæнæй, уобæл.

Уæдмæ Уæрæсей революций æзмæлд фæдесгъæри хузæн æригъустæй сæребарæуарзагæ бæрзонд хуæнхти дзиллæмæ дæр. Рæстдзийнади арти иссугъдæй хуæнхæгти зæрдити. Тохи уолæнтæ сæ исцирен кодтонцæ. Къæдзæхтæ нинкъустæнцæ, сæ цъоппитæй зæйти хузæн ракалдæнцæ сæребари лæсæнтæ. Сæ разæй рæстæги сæрисæфæнмæ фæххастонцæ æности цъумуртæ. Сæребарæй цæрунæн сæ кезу æрцудæй дуйней мæгуртæн. Саубон никкодта се ’фхуæргутæбæл.

Революций цæхæри бахсистæй æ зæрдæ Лолати Гъуллæн дæр. Иристони фиццагидæр парти «Кермен»-и къуæрттæ ку фæззиндтæнцæ, уæд уой иуонг иссæй æма уодуæлдайæй архайдта Гъуллæ. Еудадзуг куста революцион тохи гъудитæ дзиллитæмæ хъæртун кæнунбæл. Уæлдай æнæуинон ин адтæнцæ баделиатæ æма нæ адæми иннæ æфхуæргутæ. Революци нæ Иристони зæнхæмæ ку исхъæрттæй, уæд фæллойнæгæнгутæ барвæндонæй цудæнцæ е ’знæгти нихмæ тохмæ. Бонгинти зæнхитæ лæвæрд цудæнцæ адæмæн. Нæуæг цардарæзти нихмæ архайгутæй ка исуæгъдæ ’й, еци гъæути цудæнцæ сæрмагонд æмбурдтæ. Адæм дзубанди кодтонцæ революци знæгтæй багъæуай кæнунбæл, уæдта еугур зæнхитæ дæр фæллойнæгæнгутæн байуарунбæл.

Исаразун гъудæй сæрмагонд къуæрттæ. Уæхæн къуар фæззиндтæй Синдзигъæуи дæр. Адтæнцæ си Чекойти Ефим, Ботъоти Доди, Лолати Гъуллæ, Цæрукъати Ибрагим, Æбити Сандир, Сохти Хадзимуссæ, Гурдзибети Лало æма иннетæ. Еци карз æнзти хъарман-синдзигъæуккаг коммуныисттæ революций гъуддæгутæбæл куд еузæрдиуонæй тох кодтонцæ, уой туххæй 1936 анзи газет «Сталинон дзурд»-и финста Цæрукъати Ибрагим.

Революций сæрмæ сау мегътæ фулдæрæй-фулдæр кодтонцæ. Нæуæг цардиуагæ аразгутæн карз тох байеудагъ æй уорсгвардионти æрдонгти æма иннæ контрреволюцион хъаурити нихмæ. Æригон Советон хецаудзийнади нихмæ сæ тох нæ уагътонцæ баделиатæ дæр. Фудгæнгути ахæстдæнттæ адтæнцæ Къора-Уорсдонмæ хæстæг Хъæрæгъæци. Баделиатæн Дзæуæгигъæуæй агъазмæ фæззиндтæй сæрмагонд къуар дзармадзанти хæццæ. Командæгæнæг Протопопов, тохæнгæрзтæ кумæ гъудæй, барæй уордæмæ нæ исаразта, фал æндæр рауæнмæ. Цалдæр æхсти фæккодтонцæ, фал гъуддагæй неци рауадæй. Нæмгутæ нисантæбæл нæ исæмбалдæнцæ. Уой æрæстæфтæнцæ фæлтæрдгун артиллерист, синдзигъæуккаг лæхъуæн Æбити Мæхæмæт, Лолати Гъуллæ, Гурдзибети Лало, Чекойти Ефим.

Тугъд æхсæвæй-бонмæ нæ банцадæй. Революций знæгтæ саст æрцудæнцæ. Аци хабæрттæ нин ракодта Æбити Мæхæмæти æнсувæр Хъæрæмæс, Уорсдони цæрæг. Е нуртæккæ цæруй Уорсдони. Е мæмæ равдиста 1919 анзи 16 феврали арæзт протоколи къопи. Уоми финст æнцæ Дигори партизанти тохи хабæрттæ. 1918 анзи цуппæрæймаг декабри æхсæвæй партизантæ авдсæдæ бæхгинемæй нимпурстонцæ баделиатæмæ. Карз тугъди фæсте ахæст æрцудæнцæ Советон хецауади цифуддæр знæгти раздзæугутæ – æдеугурæй еу æма инсæй адæймаги. Уони ’хсæн – паддзахи æфсади афицертæ Туйгъанти Аслæнбег, Хъубадти Мисост, Туйгъанти Алихан, Хъубадти Аслæнбег. Еци тохи æхе хъæбæр бæгъатæрæй равдиста Гъулли къуар дæр.

Цæгат Иристони 1918 анзи рæстæгмæ фæууæлахез æнцæ контрреволюцион тухтæ. Партизантæ сæхе райстонцæ хуæнхтæмæ. Цæттæ кодтонцæ сæхе исонибони мæлæтдзаг тугъдтитæмæ. Инæлар Деникини æфсæдтæ сау туни хузæн рапурхæ ’нцæ Иристони гъæутæ æма сахартæбæл. Алкæмидæр æстъигътонцæ æма мардтонцæ фæллойнæгæнæг адæми. Уæхæн уæззау уавæрти дæр бæгъатæр мастесгутæ – партизантæ сæ тох нæ уагътонцæ.

Цæгат Иристони партизанти архайдæн кæрон искæнуни фæндæй, ардæмæ 1919 анзи æрæгвæззæги æрвист æрцудæй болкъон Дорофееви къуар. Е байахæста, керменишттæ кæцæй адтæнцæ, уæхæн цалдæр гъæуи. Фудгæнгутæ ’хсун райдæдтонцæ сæребарæбæл тохгæнгути.

Уорсгвардионти къохтæмæ бахаудтæй Лолати Гъуллæ дæр. Граждайнаг тугъди архайæг Тандути Губа еци хабари туххæй æ имисуйнæгти уотæ финста: «Нæ къохтæ фæстæмæ баст, уотемæй нæ æхсæз гæрзефтонг хъазахъаги тардтонцæ Киристонгъæумæ, Дорофеевмæ. Уомæн е штаб адтæй Дзагурти Борнæфи хæдзари.

Еугуремæй раздæр уордæмæ бакодтонцæ мæн. Дорофеев бадтæй фæлмæн хуссæнбæл, контрразведки хецау ба – къæразги рази стъоли уæлгъос. Фæрсгæ мæ кодта Дорофеев æхуæдæг.

– Гъе, гъе, Губа, нур нæбал райервæздзæнæ. Зæгъай мин, кæми æй уæ къуар?

Æз ин загътон, къуар гъæди ке ’й, цалдæр рауæнеми.

– Цал адæймаги айтæ? – бафарста мæ Дорофеев.

– Цалдæр сæди.

Дорофеев мæ дзуаппæй аразийæй нæ байзадæй, исистадæй æ бунатæй, хæстæг мæмæ æрбацудæй æма мин цалдæр цæфи никкодта мæ цæсгон, уæдта фæдздзурдта кæмæдæр. Фæззиндтæй ниллæггомау, фæтæнусхъæ хъазахъаг.

– Сæдæ фиццаг рецепт ци æй, уой зонис? – бафарста мæ Дорофеев.

Æз неци исдзурдтон. Уæдта бабæй мæ бафарста:

– Большевик дæ?

– Гъо, большевик дæн æма уодзæнæн, – загътон æз.

Мæ еци дзуаппи фæсте Дорофеев фæззилдæй хъазахъагмæ æма ин загъта:

– Рафинсæ ин сæдæ фиццаг рецепт.

Дууæ хъазахъаги мæбæл фæххуæстæнцæ, скъæти мæ исмедæг кодтонцæ æма мæ зæнхæбæл æрхъан кодтонцæ. Еу мин мæ къæхтæбæл исбадтæй, иннæ ба мæ сæрбæл. Мæ хъæппæлтæ мин раластонцæ æма мæ нæмун байдæдтонцæ топпити гъæдæй.

Тог фемæхстæй. Мæ сæрбæл мин ка бадтæй, е мæ зæнхæмæ уотæ æрæлхъивта, æма ма мæ минкъий багъудæй, уæдта фенод адтайнæ. Æз дæр мæ хъауритæ æрæмбурд кодтон æма лæги еци-еу æсхуст ракодтон. Е æ мæкъур зæнхæбæл æрцавта, æма æ фийии тог фемæхстæй. Мæ рази ци афицер лæудтæй, е мин мæ цæсгон æ цулухъæй ниццавта. Мæ дууæ дæндаги мин расаста…»

Уой фæсте бæгъатæр партизани ниггæлстонцæ уомæл æма цъумур уæрмæмæ. Фæрсунмæ ке ракæниуонцæ, уони фæстæмæ тогæрхæнти хæццæ æрбакæниуонцæ. Губайæн æ авд æмбалей хæццæ бантæстæй уордигæй раледзун. Цуппæрдæс партизанемæн æгъатир знæгтæ рахастонцæ маруни тæрхон. Уони хæццæ адтæй Лолати Гъуллæ дæр.

Уорсгвардионтæ сæ сау фæндæ исæнхæст кæнуни туххæй партизанти ракодтонцæ Чиколай æрдæмæ. Кумæ сæ кодтонцæ, уой син не ’сгъæр кодтонцæ. Цудæнцæ ахæст адæм тогæрхæнтæй. Гъæуайгæнгутæ сау хелгути хузæн зилдæнцæ сæ алливарс. Метæмбæрзт будур æрхæндæгæй, æгомугæй лæудтæй. Арвбæл мегътæ саудар турусати хузæн тумугъæй бамбурд æнцæ. Ахæст адæмæй еу дæр хъип-сун нæ кæнуй. Цæбæл гъæуама дзора адæймаг сау куйти хæццæ!.. Айдагъдæр си алке сæри дæр зелдох кæнуй еу гъуди: «Цийфæнди ку уа, уæддæр гъæуама мæ сæр ма ’ркъолæ кæнон!..» Цума сæ надæй еуварсмæ цæмæннæ фæззилдтонцæ?.. Ци фудвæндæ исаразуйнаг æнцæ?.. Мæнæ æрбазиндтæнцæ толдзæ бæлæстæ. Райгъустæнцæ сонт гæрæхтæ. Ахæститæй цалдæр æрхаудтæнцæ. Гъуллæ æвваст фæззилдæй. Еци усми æ реубæл исæмбалдæй знаги нæмуг. Гъудитæ æрдæгбæл фескъудæнцæ… Цæстити рохс фæххустæй... Идард рауæн арвгæрон цæстæ райахæста, арвицъæх мегъти хæццæ куд хъурдохæн кодта, уой… Уæдта бонирохс ранигъулдæй…

Ахæститæй дууæ ледзунмæ фæцæнцæ. Байервæзтæнцæ пихсбунмæ. Знæгтæ ке фехстонцæ, уонæй еуей, Мæхæмæтти Хадзирæти ба знæгтæ банимадтонцæ мардбæл æма ’й уотемæй ниууагътонцæ. Ку æрталингæ ’й, уæд Хадзирæт тухамæлттæй исистадæй. Æ цæфтæ ’й фезмæлун нæ уагътонцæ. Уæддæр еци гъезæмæрттæй еуминкъий рабурдæй фæснад æрдæмæ. Бонæрдæмæ ибæл исæмбалдæй е ’мгъæуккаг…

Лолати Гъулли хæццæ ма деникинонтæ рамардтонцæ Габолати Арипхани, Хъарати Хъæрæсей, Джерджити Михали æма иннети.

Гъуллæ æ цард нивондæн æрхаста фæллойнæгæнæг адæми сæрбæлтау. Æма нæ феронх æй æ ном дзиллæй. Бæгъатæрæн æ цард иссæй зари аккаг. Зар цæруй фæлтæрæй-фæлтæрмæ, зæрдæй-зæрдæмæ…

**Редакцийæй:** Хъодзати Æхсари аци уац газет «Рæстдзинад»-и мухургонд æрцудæй 1966 анзи. Æма, ка ’й зонуй, уæди рæстæги æцæгæйдæр радиойæй ахид райгъусиуонцæ Лолати Гъулли цардвæндаги хабæрттæ æма æ номерæн зар. Уæдæй нурмæ рацудæй рæстæгутæ, æма уони бурдæнти фæццидæр æнцæ еци хабæрттæ дæр æма еци зар дæр. Некæцæйбал игъусуй сæ кой, некебал сæ зонуй, уæлдайдæр ба нури фæлтæртæй. Зонун ба сæ æнæмæнгæ гъæуй – нæ фидтæлтиккон евгъуд рæстæгути цитгиндзийнадæ нимади ку нæ уа, уæд нæ исонибон цитгиндзийнадæй мæгургомау уодзæнæй…

***1966 анз***

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, номдзуд тугъдон тæхæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Кобулти Константини фурт Сергейи райгурдбæл 22 ноябри æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1915-1954). Дзæуæгигъæуи æма Цхинвали æ ном хæссунцæ гъæунгтæ, æвæрд ин си ес циртдзæвæнтæ.**

*Сократ, рагонбердзейнаг философ: «Æз уотæ æнгъæл дæн, æма адæймаг хуарзи ку бацæуа, уæд уомæй хуæздæр цард нæййес. Нæййес уомæй хуæздæр игъæлдзæгдзийнадæ, адæймаг, хуарзи бацудтæн, зæгъæ, зæрдиагæй ку гъуди кæна. Аци хуарз амонд æз мæхуæдæг бавзурстон æма уомæн æвдесæнæн лæууй мæ намус...»*


ГАДЖИТИ-БУРНÆЦТИ Нинæ


ГАДЖИТИ Виктор æма Нинæ

# «ДÆ НОМ ЦИТГИНГÆНÆГ – ДÆХУÆДÆГ!..»



**ДАУРАТИ Дамир,**
Цæгат Иристони адæмон финсæг:

***– Берæсувæллонгин бийнонти ’хсæн рæвдуд кæстæртæ гъомбæл кодтонцæ кæрæдзебæл æхцул уогæй, зæрдхæларæй. Сæ берæ ба син хуæрзгæнæг уомæй дæр адтæй, æма лæдæрдтæнцæ, цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй рæстуодæй еудзийнадæ, кæрæдзебæл æновуддзийнадæ. Мадта си алкедæр æ номæй сæрустур куд нæ адтайдæ, куд нæ тундзтайдæ, цæмæй æй æ номæй растудтайуонцæ.***

Нури рæстæгути нæмæ цуппар кенæ минкъий фулдæр сабитæ ци бийнонтæн рантæсуй, уонæбæл дестæ фæккæнæн, берæсувæллонгин сæ сæрустурæй дæр фæххонæн. Уæлдай цийнаг ба нин исунцæ дæсей уæнгæ, кенæ фулдæр зæнæг кæмæн фæуй, еци ниййергутæ.

### ХУÆЗДÆРИ ХУАРЗБÆЛ ДУЙНЕ ДÆР ЦИЙНÆ КÆНУЙ...

Уæхæн хабæрттæ æхцæуæн æнцæ. Уой хæццæ ба ма зæгъуйнаг дæн уой дæр, æма рагон дзаманти ба æцæгæй берæсувæллонгин – уидæ си дæсей уæнгæ, кенæ фулдæр кæстæртæ – бийнонтæ æнцæ, зæгъæ, е уоййасæбæл дессаг нæ адтæй. Уомæн æма гъæубæсти медæгæ, ефстæгтæй уæлдай, еугур бийнонтæ дæр уæхæнттæ адтæнцæ. Мадта паддзахади ’рдигæй дæр, нури хузæн, неци уæлдай боцгонд цудæнцæ. Цардæнцæ сæхе равгити фæрци, æнтæстæй син сæ ирисхъи гъуддæгутæ федауцæ кæнун.

Ку зæгъун, бийнонтæн сæ бæрцæ уоййасæбæл дести хабар нæ адтæй. Уогæ мæ дзубанди дæр уой фæдбæл нæй. Дессаг мæмæ е кæсуй, æма ниййергутæ сæ берæ зæнæгæн нæмттæ куд æвзариуонцæ, уæдта си ке куд худтонцæ, уой куд æртасиуонцæ. Устур бийнонти ’хсæн ка исгъомбæл æй, мæ еу уæхæн зонгæ мин куд радзурдта, уотемæй сæ мадæ си ескæмæ фæдздзоруйнаг ку уидæ, уæд ин æ ном, æвæдзи, уайтæккæ нæ раргъæвидæ æма сæ еугурей нæмттæ кæрæй-кæронмæ ранимайидæ, æрæгиау ба зæгъидæ, ка си ’й гъæуидæ, уой ном. Мæнмæ гæсгæ, е мади не ’ргъæвундзийнадæ нæ адтæй, е уой æвдесæн æй, æма ин æ цæуæт еугурæйдæр зæрдтагон адтæнцæ, гъолонуарзт си æгириддæр неке кодта. Уæхæн зæрдихаттæй рæвдуд кæстæртæ дæр гъомбæл кодтонцæ кæрæдзебæл æхцул уогæй, зæрдхæларæй. Сæ берæ ба син хуæрзгæнæг уомæй дæр адтæй, æма лæдæрдтæнцæ, цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй рæстуодæй еудзийнадæ, кæрæдзебæл æновуддзийнадæ. Мадта си алкедæр æ номæй сæрустур куд нæ адтайдæ, куд нæ тундзтайдæ, цæмæй æй æ номæй растудтайуонцæ.

Мæ аци гъудимæ гæсгæ мæ зæрдæбæл æрбалæуудтæй мæ хъазар æрдхуард Æгъузарти Саукуй (гъулæггагæн, абони не ’хсæн нæбал æй, рохсаг уæд...) кæддæр ке ниффинста, еци новеллæ «Мæ ном».

Бафæрсунцæ мæ:

*– Дæ ном дæхе зæрдæмæ цæуй?*

*– Цæуй. Нæ зонун – цæмæн, фал мæ æндæр ном нæ гъæуй. Еу хатт нанай рæсугъд кизгæ æфсæрмитæгæнгæ уотæ бакодта:*

*– Дæ номæй дзорун дæмæ не ’ндеун. Куддæр мæмæ кæсуй...*

*Иннæ хатт мин кадæр гъазгæй загъта:*

*– Æма сау ку нæ дæ?*

*Исарæхстæн дзуапп дæттунмæ:*

*– Æма куй дæн?*

*– Гъо, сау дæр нæ дæн, куй дæр нæ дæн, фал мæ хонунцæ Саукуй. Фонси ном, дан, Хуцау æхемæ нæ райсдзæнæй æма цæргæ байсайдзæнæй.*

Тарстæнцæ мин рамæлунæй. Æз ба нуриуæнгæ цæрун. Мæ номи фæрци? Нæ зонун.

Зонун: ном лæггæнæг нæй, ном фæккæсунмæ ’й.

Мæ номæвæрæг, сугъзæрийнæ тæфæгъти дин ковун!..

### Æ ЦÆУÆТИ ХУАРЗ КОЙ ИН ЗÆРДÆХЦÆУÆН КУД НÆ АДТАЙДÆ...

На рагфидтæлтæ дæр хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Ном дин кадæр раттуй, æ цитгингæнæг ба гъæуама дæхуæдæг уай!..» Æма æцæгæйдæр уотæ ке æй, уой на алкедæр уинуй нæ алфамбулай царди...

Мæ абони дзубанди ба, ку зæгъун æй, берæсувæллонгин бийнонти ’хсæн нæуæгигурдтæн ном дæттуни фæткити фæдбæл. Æма уой туххæй бæлвурд хабæрттæ базонуни зæрдтæй рараст дæн Æрæдони райони Кировигъæумæ – куд мин байамудтонцæ, уотемæй уоми цæруй Гаджити Нинæ, кизгæй Бурнæцти Естъай кизгæ. Æ цардмбал Виктори хæццæ берæ цæуæт ка исгъомбæл кодта, уæхæн хъиамæтгун мадæ. Е адтæй цалдæр анзей размæ, фал уæддæр абони хузæн гъуди кæнун, нæ еци фембæлди рæстæг куд зæрдиагæй фæдздзубандитæ кодтан, уой. Æма син сæ кой абони дæр хумæтæги нæ кæнун – Нинæ абони, гъулæггагæн не ’хсæн кæд нæбал æй, уæддæр еци цитгийнаг мади рохс ном æностæмæ имисуйнаг æй, айдагъ æ хеуæнттæн нæ, фал нæ еугур дзиллæн дæр, æ берæ хъиамæттæ, уæдта уоййасæбæл нимади цæуæт ке исгъомбæл кодта, уой ин нимайгæй...

Сæ хæдзарæ разиндтæй гъæуи тæккæ кæройнаг гъæунги, минкъий æндæдæр ба сæ рæзти пурхæнтæгæнгæй тундзуй Æрæдони дон. Æ тæнæги ин минкъий бицеутæ бæгъæнзæнгитæй бауайунцæ, сæхе си ранихъулдтитæ кæнунцæ, кизгуттæ ба æ билгæрæнтти деденгутæ тонунцæ, дони æртæхтæ сæфæл, æвæдзи, бакæлунцæ, æма уæд сæ цъæхахст-ходун райгъусуй.

Æз нади билæбæл дор исистон æма си арæхстæй бахуастон ниллæгарæзт æфсæйнаг колдуар. Уайтæкки мæмæ хæдзарæй ка ракастæй, уой ку зониайтæ!.. Нæ республики зундгонд поэтессæ Гаджити Фатимæ!.. Е мин æнæнгъæлæги адтæй æма бадес кодтон:

– Æма ду ба ами ци косис?

Нур ба дес кæнунмæ уой кезу адтæй.

– Гæрр, куд ци косун? А мæ фиди хæдзарæ ’й...

Мæ бийнойнаг дæр, уомæн е ’мном, мæ хæццæ адтæй æма етæ дзубандибæл фæцæнцæ, мæнæн ба мæ гъостæбæл уадæнцæ æ мадæбæл ци зартæ ниффинста, радиойæй æма телеуинунади ахид ка райгъусуй, уони фæлмæн дзурдтæ. Бакой ин кодтон, зæгъун, Фатимæ, нур мин лæдæрдгонд æй, уæхæн искурдиадæ дæмæ цæмæй ес, е: мæнæ уæхæн æрдзи гъæбеси цæргæй, æндæр хузи гъæуама ма адтайдæ. Худтæй...

Нæ дзубанди, æвæдзи, хæдзари мадæмæ дæр игъустæй æма къæсæрбæл фæззиндтæй æ мадæ Нинæ дæр, бацийнæ нæбæл кодта. Кæд ибæл æ кари æнзтæ сæ фæд ниуугътонцæ, уæддæр бæрæг адтæй, кæддæр дессаги рæсугъд кизгæ ке адтæй, е.

Сæ райдзаст уæрдундони бунмæ сатæг ауууни æ фæйнæ фарс æрбадтан æма ин уæд æз мæхе байамудтон, мæ цуди сæр ин загътон, ракурдтон си, дæ берæ цæуæти нæмттæ мин хестæрæй кæстæрмæ ку ранимайисæ, зæгъæ. Мæ фæндæ ин æхцæуæн адтæй, фал мин дзуапп раттуни размæ ба цидæр гъудити бацудæй, уæдта æ дзубанди райдæдта:

– Мæ хестæр цæуæт адтæнцæ кизгуттæ. Æртемæй...

Æма сæ æ галеу къохи æнгулдзитæбæл ранимадта:

– Зæирæ, Зарæ, Розæ... Уой фæсте ба мин, бахатир кæнæ, игурун райдæдтонцæ бицеутæ: Хъазбег, Аслан, Таймураз, Батраз, Чермен, Толик... Аликки загътон?..

Æ кизгæмæ бакастæй.

– Нæ загътон. Уæдта ма Руслан æма Махар...

Нигъгъос æй, æз, ци нæмттæ загъта, уони мæхенимæри ранимадтон, цæмæдæр гæсгæ фæссекк дæн, æма ма ’й рафарстон, фæдтæ сæ нимад, зæгъæ.

Дзуапп раттунмæ Фатимæ фæрразæй æй, æ мадæмæ бакастæй:

– Дæ бицеути еугурей дæр ранимадтай, фал ма дæ кæстæр æртæ кизги ба ци фæцæнцæ?

Нинæ æ къохтæ хердмæ исиста:

– Мæнæ мæ тæккæ фарсмæ, Фатими дæр нæ загътон, Светæ æма Зареми дæр.

Уæдта мæнмæ ’рбакастæй æма бабæй загъта:

– Мæ сæр нæбал косуй, нæбал. Юрик дæр ми ку феронх æй. Еу ма хатт дин æй зæгъон: раздæр мин исæнтæстæй æртæ кизги, уæдта мин фæд-фæди дæс бицеуи, фæстагмæ ба ма нæуæгæй æртæ кизги...

Нецибал исдзурдтон... Хъиамæтгун мадæ ба сæрустурæй мин мæ цæститæмæ лæмбунæг кастæй, æвæдзи æй, базонун фæндадтæй, ци ма си зæгъинæ, уобæл фæддес кæнинæ æви нæ фæддес кæнинæ, уой рартасун. Æз ин мæ цардæмбал Фатими хæццæ батабедзæ кодтан, мæнæ дæ искурдиадæгин кизги фæрци дæ æнæгъæнæ Иристон дæр зонунцæ, дæуæн нæ абони хецауадæ дæ удæгасæй уартæ уæ гъæуи астæу циртдзæвæн гъæуама исæвæронцæ, фæнзуйнаг силгоймаг дæ. Бахудтæй нæмæ, æхцæуæн ин адтæй.

### НОМÆВÆРÆГ УН КАДГИН ÆМА БÆЛДТАГ АДТÆЙ НÆ АДÆММÆ

Фæстагмæ, æ цæуæт ци нæмттæ хæссунцæ, уæхæн нæмттæ цæмæн исæвардтонцæ, зæгъгæ, дзубанди ку рацудæй, уæд уотæ загъта:

– Аци хæдзари мадæ æма фидæ сæ цæуæтбæл сæхуæдтæ ном некæд æвардтонцæ. Мæ фиццаг æртæ кизгемæн алкæмæн дæр хецæн номæвæргутæ адтæй, фал уони фæсте мæ дæс бицеуемæй фарастемæн адтæй еци-еу номæрæг – Дзалати Аксо...

– Æма ка адтæй еци Аксо? – ниддес дæн æз, – уæхæн устур æууæнкæдзийнадæ имæ цæмæн равдистайтæ, æцæгæйдæр уæхæн кадгин лæг адтæй?

Æ сæр аразий тилд бакодта æма райдæдта дзорун:

– Е уæхæн кадгин лæг адтæй, е уæхæн кадгин лæг адтæй!.. Мæ сæрихецауи хæццæ дууæ æнсувæрей цард кодтонцæ, сæ кæрæдзей ку бафæсмардтонцæ, сæ кæрæдзей ку балæдæрдтæнцæ, уæдæй. Цийни рæстæг дæр, тухст рæстæгти дæр некæд рахецæн æнцæ... Некæд... Раст дууæ æнсувæрей цард кодтонцæ. Фал цард кудтитæ рауайуй, е дессаг æй. Махæн фæд-фæди æртæ кизги ку рацудæй, уæд мæ цардæм-

(Кæрон. Райдайæн 43-аг номери.)

бал æ сæр æруагъта, катай кодта, бундор æй гъудæй. Уæд ин еухатт еци Аксо, мæнæ цума 'й зудта, уоййау нифсæвæрæн дзубанди ку ракæнидæ:

– Мадта кæсай, цуппæрæймаг дин биццеу уодзæнæй. Ном ба ибæл мæнæ æз мæхуæдæг æвæрдзæнæн…

## БЕРÆ ЦÆУÆТ – БЕРÆ САГЪÆСТÆ, БЕРÆ ЦИЙНИТÆ, БЕРÆ НИФСИТÆ...

Æ арфæ нæбæл æрцудæй. Ном дæр ин æхуæдæг равзурста – Хъазбег. Иннæ биццеуи фæсте дæр уотæ. Еу дзурдæй, фарастебæл ес Аксой æвæрд нæмттæ. Баруагæс ди уæд, Дамир, фараст хатти кувдтитæ искодтан æма нæмæ еци Аксо уалæ Цъæййи комæй æ бæхуæрдуни рараст уидæ, æ фарсмæ æ бийнойнаги исбадун кæнидæ, уотемæй. Æ гуфи ба ирон дессаги хунæ æма къæдзæхи асæ фуркъа. Уотæ кодта биццеутæн сæ алли игурæн бони дæр. Уонæн иронхгæнæн ес!.. Нæййес… Мæ дæсæймаг биццеу Махар нин ку райгурдæй, уæд, мæгур, Аксо аци дуйнебæл нæбал адтæй, фал нæмæ æ биццеу æрцудæй, æма загъта:

– Æз мæ мадæ æма мæ фиди цæсгон нæ фегадæ кæндзæнæн, æз дæр ци гъæуй, уæхæн æгъдау искæндзæнæн, нур ба мæн баудзетæ ном исæвæрун… Ду мах бунати ци бакодтайсæ, Дамир? Æндæр хузи унаффæ Не 'Скæнæг Хуцаумæ раст фæккастайдæ? Нæ фæккастайдæ!.. Гъулæггагæн, е дæр цардæгас нæбал æй, нæбал ес Цъæййи коми ма ке бабæрæг кæнæн, уæхæн зонгитæ. Етæ уæхæн хуарз адæм адтæнцæ, æма дессаг. Æз æй куд æнгъæл дæн, уотемæй, æвæдзи, зæнхи цъарæбæл уони хузæн нæ адтæй, нæййес, уæдта, нæ уодзæнæй…

Хъиамæтгун мади дзубандимæ игъосгæй, æнай-æнойти мæ зæрдæбæл æрбалæудтæй еу хабар. Цæветтонгæ, мæ райгурæн Хумæллæги гъæубæсти 'хсæн нимадæй цардæнцæ Кцойти Дзибидтай бийнонтæ. Æ удæнкъай Сонайæн (адтæй Цæлойти кизгæ) цуппар хатти исæнтæстæй зæнæг, цуппар хатти дæр – фазæнттæ: æртæ биццеуи æма фондз кизги.

Æма еци хабар раймисгæй, уæдта ма, Нинæн æ имисуйнæгтæмæ гæсгæ æ зæрдæ куд рахъурмæ 'й, уой ку рауидтон, уæд, е 'рхæндæг гъудитæй æй фæуугъдæдæр кæнон, зæгъгæ, фæндæй рафарстон:

– Бахатир кæнæ, Нинæ, фазæнттæ ба нæййес уæ цæуæтæй?

Æ медбилти бахудтæй:

– Уомæй мæ ахид бафæрсунцæ… Нæййес… Хуцау нин нæ равардта, фал мæнæ нуртæккæ дæ рæзти тургъæмæ ци биццеу рахизтæй, е мин Аликки цæуæтæй æй. Уомæн ес фазон хуæрæ.

– Дæ хуарзæнхæй, хестæрæй кæстæрмæ ма мин дæ берæ цæуæтæн сæ фæсномугтæ ранимайæ. Куд сæмæ дзурдтай минкъийæй?

Нинæ минкъий гъудити ранигъулдæй, уæдта æрæгиау загъта:

– Мæнæ Гагарин уæлæрвтæмæ ци бон фæттахтæй, раст еци бон мин ци биццеу райгурдæй, уобæл Аксо уомæн æ ном исæвардта – Юрий, фал æй æз зонун: фæсауунмæ 'й Гагарин худтонцæ. Фæсномугæй дзорунцæ мæ цæуæти цæуæтæй кæмæдæрти. Аликки биццеутæй еу борхуз æй æма 'й æ лимæнтæ фурбоцæн Боркуй худтонцæ, иннæ биццеу ба нин сау-сауид æй æма син е ба Саукуй æй… Æндæр си неке тухxæй неци зонун. Ме 'хсæрдæс бæдолемæ ка ци æй, уой, æвæдзи, мæнæй бæлвурддæр зонунцæ адæм, фал си æз ба боз дæн уомæй, æма си еунæг дæр зулун æма ходуйнаггæнæг нæдтæмæ нæ рарæдудæнцæ... Мадта мæ кизгуттæ дæр кедæрти хузæн къæсибадæг миутæ сæхецæн нæ аккаг кодтонцæ. Уæхæн дзамантæ уидæ, æма мæнæ нæ гъæуи минкъий скъоламæ аци хæдзари къæсæрæй еціеу рæстæг цæуиуонцæ авд сувæллони, æма мæмæ маст некæд æрбахастонцæ. Некæд… Мæнæ ку фегъосинæ: «Æ биццеу кедæр сувæллони фæннадта», «Æ биццеу кедæр дзæхæрамæ бабурдæй»… Баруагæс ди уæд, мæ цæуæтæй мин уотæ некæд неке загъта. Маст мин адтæй, мæ хестæр кизгæ е 'носон дуйнемæ ку рандæй, уæд, авд сувæллони ин байзадæй. Уæдта бабæй æ фæдбæл нæ хестæр биццеу Хъазбег рандæй. Уæлдай хъæбæрдæр мæ сæ фидæ фæррæсун кодта. Уæлмæрдтæй хæдзарæмæ ку æрæздахтæй, уæд дуармæ къодахбæл æрбадтæй, æ къох æ зæрди сæрбæл æрæвардта æма адæммæ дзоруй:

– Бахатир мин кæнетæ, æз дæр мæ фурти фæдбæл фæццæуун…

Æма уоййадæбæл банæхстæр æй е 'носон дуйнемæ æ фурти фæдбæл... Уæд е циуавæр хабар адтæй, еу уæхæн изæди хузæн биццеу æндæр некæмæн рамæлуй? Уой бæрцæ цæуæти хæццæ мæ еунæгæй нииуагъта…

Уотæ бахъонц кæнгæй, æ фæлмæн уодæнгæс цæститæ медтухстдзийнади уолæнтæй идзаг кæнунмæ куд фæцæнцæ, уой рауингæй мæ бафæндадтæй, ести нифсæвæрæн зæгъуйнæгтæй ин æ зæрдæ барохс кæнун. Æма 'й рафарстон:

– Нинæ, дæхуæдæг дæр æма адæм дæр арфиаг кæмæй æнцæ, дæ еци цæуæтæй еуей, мæнæ дæ кизгæ Фатими æнæгъæнæ Иристони дæр хуарзæй ке зонунцæ, уой зонис?

– Зонун æй, зонун, – æнцадæнцойнæй загъта хъиамæтгун мадæ æма æ кизгæмæ сæрустурæй бакастæй, уæдта бабæй цидæр гъудитæбæл фæцæй... Бæрæг адтæй, цæйбæрцæбæл зæрдтагон ин æнцæ, æма 'й нæбал хъор кодтан…



ГАДЖИТИ Виктори æма Нини тумугъ бийнонти фæлтæртæ.



***Кировигъæуккаг Гаджити тумугъ бийнонти хъиамæтгун мадæ Нинæ абони не 'хсæн нæбал æй, цалдæр анзей размæ банæхстæр æй е 'носон дуйнемæ. Уæддæр æ рохс ном цæруй, æма ни федарæй æруагæс кæнуй, цæрдзæнæй æ зæнæги, уони цæуæти æма идарддæри фæлтæрти зæрдити, ка 'й зудта, уони имисуйнæгти, æ уарзон кизгæ Фатими финст зæрдæгъаргæ æмдзæвгити дæр. Æма нæ абони дзубанди дæр фæндуй фæуун, уой æмдзæвгитæй цалдæр ниммухур кæнунæй.***

## МÆ СЫГЪЗÆРИН МАД

Ныййарæг Мад, мæ зæрдæйæн цæй зынаргъ дæ,
Дæ номыл цæрын, о, цæй кадджын у.
Сыгъзæринтимæ дæр дын абарæн куы нæй,
Мæнæн ды дæ мæ зæххон худгæ хур.

Дæ хæстæй дын кæд бафидын ссис мæ бон,
Уæд амонддджын æз хондзынæн мæхи.
Бæрзонд хæссын мæ царды æз дæуæн дæ ном,
Бæрзонд хæссын мæ амондæн йæ цин.

Ныййарæгæн уæ чи зоны лæггад кæнын,
Йæ цæрайæ уæ чи бахордта ард.
Кæй Мад æнæ зæрдæрыстæй зæххыл цæры,
Æз уымæн ратдзынæн мæ уд, мæ цард.

Мæ армы тъæпæн у дæ цæрæнбынат, зон,
Мæ риумæ 'лвасгæ дарын дæу æз уым.
Мæ сыгъзæрин Мад, цард æнæ дæуæй æнцон
Нæ уыдзæн, нæ, æнусмæ мын цæр ды.

О, цардæфсæст фæуат, нæ мадæлтæ, сымах,
Уæ дыуæ цæсты – царды рухс сты.
Хъæбулы цард æдзух сымахæй у зынаргъ,
Сымах фæрцы ныл худгæ хур кæсы.

Æппæт мадæлты уарзын æз мæхи мадау,
Мæхи мадау уын зонын аргъ.
Ныййарджытæн цæрæнбон бирæ ратт, Хуыцау,
Ныййарæгæн йæ амондæй цæрын.

## МÆ МАД

Мады зæрдæ кувæндон у,
Ды сыгъдæг удæй скув
Æмæ йыл бафæдзæхс дæхи,
Кæной уæларвон зæдтæ цин.

Мадæн йæ уды хъармæй фарн цæуы,
Хъæбулы алкæд хъæуы
Йæ фæлмæн ныхас, йæ уарзт,
Ныййарæгæй хъæздыг у цард.

**Базард:**
Мады номæн табу кæнын,
æз йæ цинæй цæрын,
æз йæ цæрайæ цæрын.
Мады риуæй худгæ хур скаст,
Хъарм йæ рухс цæстынгас,
Цас дæ уарзын, мæ мад,
Ды мæ дуне, ды мæ цард,
Цас дæ уарзын, мæ мад, цас.

Мадæн сис фæлмæн дзырдтæ дæ риуæй,
Барæвдау æй дæ уарзтæй,
Хæсс дæ царды бæрзонд,
Мады фарн, мады ном.

Мадæн кæн ды аргъ æмæ кад,
Кæн ын алы бон лæггад,
Мадæй цард у зынаргъ,
Нæй ныййарæгæн, нæй аргъ.

**Базард:**

*Инæлар-болкъон, Советон Цæдеси Бæгъатæр МАМСУРАТИ Хаджи-Умар куд финста, уотемæй ин æ цæргæ-цæрæнбæнтти зæрдирайдæр имисуйнагæй байзадæнцæ, æ ирисхъæ ин Михаил Калинини хæццæ ци фембæлдтитæ балæвар кодта, етæ. Æ хæццæ фиццаг хатт исæмбалдæй, Искæсæни фæллойнæгæнгути Мæскуй университети ку ахур кодта æма сæмæ е 1922 анзи ку ’рбацудæй, уæд.*

ЦÆСТИНГАС

## АДÆМÆЙ АУУОН КÆНУН ÆГАДИ БУНАТМÆ ЦÆУЙ!..

***Мæнæ сæргондæн ци загъд рахастан, е нæмæ нæ рагфидтæлтæй æригъустæй. Æма раст нæй? Рагæй нуриуæнгæ уотæ адтæй, æма дзилли ’хсæн рæстзæрдæй ка цæруй, рæстуодæй сæ ка уарзуй æма сæ ка нимайуй, уомæй етæ дæр арфиаг фæуунцæ, уой цæра фæккæнунцæ… Еци зундирахаст нæ адæмæн кæддæриддæр царди бундорон фæткитæн сæ сæйраг-дæр адтæй, сауæнгæ бæрзонд хецауадон бунæтти бадгутæ дæр ибæл сæхе ратегъ кæнун сæхецæн нæ аккаг кодтонцæ…***

***Нури рæстæгути амæнтъерити нин «нæуæг цардаразгутæ» нæ цардиуагæ исуæлиауон кодтонцæ алли æнæбунати фæткитæй. Æма уони цъумур финкити ранихъулун кодтонцæ, нæ уодварни æцæг гъомусадæ цæмæй иræзтæй, уони.***

***Еугур еци гъуддæгутæбæл абони нæ дзордзинан, фал си еуей туххæй ба уæддæр зæгъдзинан. Цæветтонгæ, фæстаг æнзти цæмæдæр гæсгæ уæхæн фæткæ исфедар æй, æма нæмæ, зæгъæн, Мæскуй ести хецауеуæггæнæг лæг ку фæззиннуй, уæд ин æ фæззинд уотæ исдессаг кæнунцæ, æма магъа… Раст цума знаги зæнхæбæл æрфестæг æй, уотæ гъæунгтæ пъæлицæйæгтæй байдзаг унцæ, кæцидæр рауæнти сæ бустæги æрæхгæнунцæ æма си нæхе адæмæн рацæуæн дæр нæбал фæууй. Кæмæй æма син цæмæй фæттæрсунцæ? Уæд гъæугæ ба ке фæккæнунцæ? Уæдта ма еу гъуддаг: кæд республикæмæ иссудæнцæ ами уавæри хабæрттæ базонуни зæрдтæй, уæд дзиллити хæццæ цæмæннæ фембæлунцæ, уони цæмæннæ бафæрсунцæ, ци куд æй, уомæй. Сæхе кæмидæр хецауадон уæтти ци баримæхсунцæ.***

***Уой туххæй советон доги разамонгутæмæ æндæр æгъдау адтæй. Хумæтæг адæмæй сæхе æгириддæр нæ еуварс кодтонцæ. Уомæн еу æвдесæн, мæнæ дæлдæр ци æрмæгутæ мухур кæнæн, етæ. Дзубанди си цæуй М.Калининæн нæ республики фæллойнæгæнгути хæццæ ци зæрдаиг рахастдзийнæдтæ адтæй, уой туххæй.***

Цæгат Иристони фæллойнæгæнгутæн Михаил Ивани фурт Калинини ном æгæрон хъазар æй. Берæ æнзти дæргъи æнгом бастдзийнадæ дардта Иристони хæццæ.

Цæгат Иристони Центрон паддзахадон архиви ес, Михаил Ивани фурт нæ республики фæллойнæгæнгути хæццæ хæларæй ке цардæй, уой æвдесæг документтæ. Калинин къуар хатти адтæй Цæгат Иристони. Е хъæбæр агъаз фæцæй Иристони Советон хецаудзийнадæ тагъддæр ниффедар кæнунæн. Æ тохмæ седæг гъæлæс куд еугур Советон Цæдеси адæмти, уотæ ирон дзиллити дæр разæнгард кодта социализми фæууæлахездзийнадæмæ. Нæ республики мингай адæймæгутæ фæууидтонцæ Калинини, игъустонцæ ин æ дзубандимæ.

Михаил Ивани фурт Калинин Иристонмæ фиццаг хатт иссудæй 1923 анзи 13 майи. Нæ сахари цæргутæ устур цийни хæццæ исæмбалдæнцæ Еугурцæдесон Центрон æнхæстгæнæг комитети сæрдарбæл. Еци бон Калинин рабалци кодта Арвикомбæл. Æ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй Кавкази хуæнхти рæсугъддзийнадæ, æносон цъететæ, гъæргæнгæ æхсæрдзæнтæ, дæнттæ æма хуæнхаг игуæрдæнтæ. Михаил Ивани фурт дзубанди кодта Къоби, Ларси æма Казбегий гъæути цæргути хæццæ. Изæрæй фæстæмæ ку æрбаздахтæй, уæд радзурдта Орджоникидзей Сæребари фæзи фæллойнæгæнгути митинги. Ардæмæ æрæмбурд æй 15 мин адæймагемæй фулдæр.

Калинин зæрдиаг арфæ ракодта Хуæнхон республики фæллойнæгæнгутæн (уæд Цæгат Иристон адтæй Хуæнхон республики еу хай) æма загъта, ке си æруагæс кæнуй республики фæллойнæгæнгутæ сæ хъауритæбæл ке нæ байауæрддзæнæнцæ æма ке рацæудзæнæнцæ социализм аразгути раззагдæрти æмрæнгъæ. Калинин æ радзубандий уæлдай фулдæр æргом æздахта хуæнхаг силгоймаги уавæр фæххуæздæр кæнунмæ. Е дзурдта, зæгъгæ, силгоймагмæ нуриуæнгæ ци цæстæнгас дард цудæй, е гъæуама еугур исæфт æрцæуа, уæд еугур силгоймæгтæ дæр активонæй архайдзæнæнцæ æхсæнадон царди.

1934 анзи ирон адæм бæрæг кодтонцæ Цæгат Иристон автономон облæст ку иссæй, уой дæс анзей бон. Еци кадгин бæрæгбони хъазардæр иуазгутæй еу адтæй Михаил Ивани фурт Калинин. 17 августи сахари сæрдигон театри азгъунсти адтæй кадгин пленум. Уоми радзубанди кодта Калинин. Куддæр трибунæмæ рацудæй, уотæ ин зали бадгутæ исаразтонцæ дæргъвæтийнæ æрдзæф. Алкæмæн дæр æхцæуæн адтæй, сæ еузæрдиуон æмбалбæл бабæй нæуæгæй ке исæмбалдæнцæ, е. Калинин æхцæуæнæй дзурдта, республики фæллойнæгæнгутæн дæс анземæ сæ къохи ци устур фæллойнадон æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй, уони туххæй.

Дуккаг бон. Реданти бæрæгбони кадæн ци устур митинг адтæй, уоми Калинин загъта: «Абони аци цъæх фæзæмæ ци кадгин бæрæгбони фæдбæл æрæмбурд ан, е ма никкидæр еу хатт æвдесæн æй советон хецаудзийнади æнзти дæргъи косгутæ æма зæнхкосгути цæдес куд исфедар æй, уомæн. Цæгат Иристон автономон облæст ку иссæй, уæдæй нурмæ кæд берæ рæстæг нæма рацудæй, уæддæр е ’скъуæлхтдзийнæдтæй адæймаги зæрдæ рохс кæнуй. Цæгат Иристон паддзахи фæстезад колони уогæй, рацудæй Советон Цæдеси автономон облæстти раззагдæрти æмрæнгъæ. Еци уæлахездзийнæдтæ æнцæ Коммунистон партий ленинон национ политики фæрци».

Орджоникидзейæй уæлдай ма Калинин иуазæгуати адтæй Иристони кæцидæр гъæути дæр. Коммунистон партий уарзон хъæболæбæл аллирауæн дæр æмбалдæнцæ устур цийни хæццæ. Нуртæккæ дæр ма Фарнигъæуи цæргутæ хуарзæн имисунцæ. Калинин сæмæ иуазæгуати ку ’рцудæй, еци бон (уой туххæй æрмæг кæсетæ дæлдæр).

Калинин фæллойнæгæнгути хæццæ æнгом бастдзийнадæ ке дардта, уой туххæй ин устур аргъ искодта В.И. Ленин. Е финста: «Калинини фæрци гъæути куст дзæвгарæ фæххуæздæр æй. Зæнхкосæгæн, Советон республики уæлдæр хецауади минæвар Калини хæццæ дзубанди кæнгæй, æнæмæнгæ, фадуат фæцæй советон хецаудзийнади хæццæ хæстæгдæр базонгæ унæн».

***Л. БИРЮКОВА,***
***1960 анз.***



# ФАРНИГЪÆУИ ФАРНИ ИУАЗÆГ

Иристони хестæр фæлтæртæй беретæ хуарз гъуди кæнунцæ Цорæти Цимурзи. Нæуæг цардарæзти рæстæги домæнтæн еузæрдугæй дзуапп лæвардта æ зунд, æ дзуапгин цъухи дзурдæй æма фæллойнæй. Дзурддзæугæ Цимурзæ кадæ æма ради хæццæ базæронд æй. Журналисттæ ба алкæддæр уæхæн хестæртæмæ игъосунмæ цурд фæуунцæ. Æрæги, нæ республики юбилеймæ ку цæттæ кодтан, уæд нæ зæрдæбæл æрлæудтæй аци цау. Фарнигъæу дууинсæй анзей размæ исиуазæг кодта Михаил Ивани фурт Калинини. Устур иуазæги къох гъæубæсти номæй фиццаг райста Цимурзæ. Еци хабар æ царди фæстаг бæнттæй еуеми мæнæн ракодта Цимурзæ. Е мин дзурдта, æз финстон. Нур рахадтон мæ зæронд блокнот. Загътон, мухури фæрци æй дзиллитæн фегъосун кæнон. Æма, табуафси. Зæронд Цимурзæ мин радзурдта:

– Хунд иуазæг фусунæн цæстирохс æй. Гъо, фал нæмæ аци хатт иуазæг далæ устур Мæскуйæй иссудæй. Гъæу æ къæхтæбæл ислæудтæй, мадта син ци гæнгæ адтæй. Уой размæ дæр Михаили хæццæ лæгæй-лæгмæ нæ гъæуккæгтæй кадæртæ фембалдæй. Зæгъун – уартæ Гаппо. Гъе ма, хабар уотæ рауадæй. Фæсевæд гъæугæрон цъæх кæрдæгбæл... куд æй хонетæ, æ уæлгъос дзоргæ ку фæккæнетæ. Гъо, трибунæ райаразтонцæ. Еуæрдигæй дæр æма иннердигæй дæр сурх хъумацæй рæсугъд финститæ сæрдигон хормæ тæмæнтæ калдтонцæ. Адтæй си уотæ финст дæр: «Æгас цæуæд Фарнигъæумæ фарни иуазæг». Е ми некæд феронх уодзæнæй. Будур æмизмæлд иссæй. Гъазт, зартæ. Иуазæг фусуни цæсгонбæл ходæндзаст ку нæ бакæса, уæд е ’рбацудбæл фæсмон кæнуй. Баруагæс ди уæд. Дуйней фарнæ ни алке хæдзарæ дæр уомæй бахезæд. Æнгъæлмæ кæсун зин æй. Уой ба ка нæ зонуй. Гъе, фал, дан, мæтъæл зæрдæ игъæлдзæг лæхъуæнмæ ихуæрсти бацудæй. Цийни фæзæмæ… Уотæ ’й исхудтан, синхаг гъæути саргъибæхтæбæл, уæрдунти, фестæгæй гъазгæ æма ходгæй, ивулдæнцæ раст уалдзигон Терки хузæн, мадта куд!

Фæндур… æллæх, æллæх, еци фæндурдзагъдмæ ма ракафæ, – е адтайдæ устур тæрегъæд адæймагæн. Нæбал фæллæудтæн æз дæр. Базуртæ мæбæл базадæй æма… Бафæрсай мадта дæлæ Гаппой. Уалинмæ бæхгинти къуар нæ уæлгъос æрбалæудтæй. Гаппо нæ гъæуихецау адтæй. Гаппой хæццæ бæхгинтæмæ кæсунтæбæл фæцан: биццеутæ нæ, къартæ кæмæй фæззæгъунцæ, уæхæн кæстæртæ. Гаппо сæмæ дзоруй: «Нæ сахъ фæсевæд, думгæй тагъддæр – Къардони сæрмæ! Иуазæги размæ цурд уайетæ, мæ хортæ!» Æхуæдæг ба мæнмæ æрбакастæй. Æ цæстæ фæнникъолгæй, уотæ зæгъуй: «Мадта, Цимурзæ, уотæ арæхсæн нæ цард аразунмæ. Æмбæлтти фæндæуагæ ’й нæ февнæлд, нæ рахастдзийнадæ. Сехуарафонæмæ ма минкъий гъудæй, уотæ дин Къардон æрдигæй æзгули æрбайгъустæй. Еуцалдæр хуæдтолги, бæхгин фæсевæд æд турусатæ. Ругæ сæ сæрмæ рабадтæй. Етæ адтæнцæ нæ иуазгутæ.

Æгъдау куд байзадæй, уотæ къуар хестæремæй исаккаг кодтан иуазгути размæ. Лæхъуæн-фæсевæд æртæ къерей æма фезонæги хæццæ, кизгуттæ – æд фæндур, деденгути хузæн æрттивтонцæ. Ихæс мæнбæл адтæй, æма иуазгутæн арфи дзурдтæ загътон. Кæстæртæ Калининмæ сикъа равардтонцæ. Е æ бецъоти буни бахудтæй. Берæ ба куд нæ фегъустон, уингæ дæр – уотæ, æма еугур еци хабæрттæ зæрдæбæл ка бадардзæнæй. Фал Михаил ци загъта, уомæн ба иронхгæнæн нæййес. Баруагæс ди уæд, «æцæг» дуйнемæ ку рафардæг уон, уæд уоми дæр кæбæл æмбæлон, – сæ еугуремæн дæр æй дзордзæнæн… Гъо, æма Калинин уотæ загъта:

– Нæ хуарз фусунтæ. Арфæ уин кæнун зæрдибунæй. Арфиаг æй уæ фæллойнæ. Уой туххæй уин арфæ кæнун. Уотæ æнæнез. Царди хуæрзтæй – хайгин.

Мæ зæрдæбæл хуарз лæуунцæ Гаппой дзурдтæ дæр. Гаппо æхемедæгæ куддæр истухстæй. Абони хузæн мæ цæстити рази лæууй. Æнæ мæнгæттæй ку зæгъон, уæд ин фæттæрегъæд кодтон, æма куд нæ: уойбæрцæ дзиллити рази радзорун æнцон нæй. Баруагæс ди уæд, нæй. Фал исарæхстæй. Уотæ исарæхстæй, æма си гали асæ фæббоз дæн. Е ’рфгутæбæл хæрдмæ исхуæстæй æма загъта:

– Мæнæ хуарз адæм, абони арв куд ирд, куд кæдзос æй, уотæ райдзаст æма арфæгонд æнцæ махæн нæ зæрдитæ. Цæмæн, зæгъгæ, мæ неке бафæрсдзæнæй. Уинæн æй нæ еугурдæр. Нæ Цæдеси цитгин хестæрæн Фарнигъæу æ зæнхæбæл «æгасцо» зæгъуй фарни хæццæ. Уарзон гъæубæсти, нæ хъазар синхæгти номæй арфæ кæнун никкидæр нæ иннæ иуазгутæн: уруссаг, сомехаг, гурдзиаг æма дагестайнаг, кæсгон æма адыгейаг, мæхъæлон, цæцæйнаг æма черкесаг адæмти æрвист лæгтæн. Алли бон æгас нæмæ цотæ! Митинг дæр Гаппо байгон кодта. Уæд Михаил трибуни уæлгъос æрлæудтæй æма нæмæ райгъустæй:

– Арфæгонд уотæ, Иристони раззагдæр колхози фæллойнæгæнгутæ!..

Райгъустæй тухгин къохæрдзæф. Нæхецæй хъæбæр ниббоз ан. – Митинг нæ аразæн мах абони, – идарддæр кодта æ

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Æхсарати Бимболати фурт Энвери райгурдбæл 24 ноябри æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1915-1943). Е ’носон бунат иссæй сахар Харьков – ами ин æвæрд ес циртдзæвæн, гъæунгтæй си еу хæссуй æ ном. Циртдзæвæн ин æвæрд æй æ райгурæн гъæу Зильги дæр.**

*Ахурдзаути хæццæ зæрдиагæй фæдздзубанди кодта, алкедæр си бафарста æ ном, ка æй æма кæцæй æрбацæугæ 'й, уомæй. Хаджи-Умари муггаг базонгæй æй рафарста, зундгонд партион архайæг Мамсурати Сахангерий ба ин куд бауй. Æ фиди хуæрз æнсувæр æй, уой базонгæй фæсевæдæн еци лæги намуси кой фæккодта. Æма си Хаджи-Умар уæлдай боз куд нæ адтайдæ...*





дзубанди Михаил. – Абони цийни бон æй æма цийнæдзийнадæ ба игъæлдзæгдзийадæй федауй. Кафгæ æма заргæ!.. Гъазгæ æма ходгæ!..

Æ кæсæнцæститæ расæрфта æма фæрсуй:

– Фæндур кæми æй?.. Уотæ хуæздæр нæй?..

Мах исарази ан иуазæги хæццæ. Æма райеудагъ æй игъæлдзæгдзийнадæ – гъазт, кафт, зар... Фарнæ æрцудæй Фарнигъæумæ, зæгъгæ, фæсевæд ку ниццæлхъласиуонцæ сæ зар.

Еу дзамани кæсæн, æма аэроплантæ цалдæремæй нæ сæрмæ зелун байдæдтонцæ.

– Уæлæ, уæлæ кæсайтæ!.. – райгъустæй адæми 'хсæнæй.

Фæууидтан, зæгъун æнгъезуй, уæди уæнгæ айдагъдæр аргъæуттæмæ гæсгæ ке фегъосианæ, уæхæн цау. Уорс нимæтбæл ауигъдæй уæларвæй кадæр зæнхæмæ æхе æруагъта. Цанæбæрæг рæстæг рацудæй, æма зæнхæмæ æрхъæрттæй, фæддæлгоммæ ибæл æй, фæсевæд имæ уайтæкки бауадæнцæ æма, уæлæрвтæй нæмæ ци лæхъуæн æрхъæрттæй, уой нæ размæ æрбалæуун кодтонцæ. Æз дæр æй мæ хъури æрбакодтон.

Уой фæсте – нæртон фингæ, бæрæгбони архайгутæй кæмæндæриддæр æнгъизтæй, етæ æ фæйнæфæрсти рабадтæнцæ æма райеудагъ æй нæ кувд. Михаилæн си раковуни барæ лæвæрд ку æрцудæй, уæд æ фиццаг гагидауæ адтæй адæмти 'хсæн хæлардзийнади туххæй. Загъта, еци хуарзæнхæн, дан, царди æмбал нæййес, гъома, адæмтæ æнгом ку уонцæ, уæд уомæн.

Еци бон нæ цийнæбæл цийнæ кодтонцæ аллирауæнтæй æрбацæуæг иуазгутæ, сауæнгæ ма си идард Италийæй дæр адтæнцæ. Куд дзурдтонцæ, уотемæй еци итайлæгтæ хумæтæг косгутæ адтæнцæ. Гаппо син райарфæ кодта. Иуазæгæн ниуазæн нæ фидтæлти æгъдæуттæмæ гæсгæ имонау куд нæй, æма син кади ниуазæнтæ исаккаг кодтан. Хъæбæр дзæбæх загъта нæ хестæр, уæдта æ ниуазæн равардта Калининмæ. Зæгъуни барæ ракурдта, уотемæй Михаил æндæрбæстаг иуазгутæбæл æ цæстæ радардта æма син дзоруй:

– Арфæгонд уотæ, нæ хуарз æмбæлттæ!.. Ракæсайтæ... Уинетæ?.. Мадта е нерæнгæ ма социализмæн айдагъдæр æ бундор æй. Гъо, мæнæ хестæр куд загъта, уотемæй иуазæгæн сæрмагондæй ниуазæн раттун гъæуй сæ фидтæлтиккон æгъдаумæ гæсгæ. Æма еци хабар мæнæн дæр хъæбæр æхцæуæн æй, уомæн æма сумах уотид иуазгутæ нæ айтæ, фал нæ 'мтохгæнæг фæллойнæгæнгутæ. Арфæ уин кæнæн. Мах фæндуй, цæмæй сумах дæр исаразайтæ уæхæн цард фæллойнæгæнæг дзиллитæн. Æма сумах дæр байагоретæ мах дæр уæ бæрæгбонмæ. Хе хæдзари, дан, ниуазæн раттун хуæздæр федауй... – æ радзубанди уотæ фæккæрон кæнгæй, Калинин бахудтæй, адæм ба ин нирдзæф кодтонцæ.

– Хуæздæр федауй ниуазæн хе хæдзари раттун, Михаил Ивани фурт, – загъта си кадæр.

Иннæ имæ бафтудта:

– Тохгæнæг уæбæл ан...

Æз дæр син райарфæ кодтон. Зæгъун, тагъд рæстæги мах куд бафæнзайтæ, еци зунд, нифс æма уин хъаурæ дуйней фарнæ раттæд.

Фагæ рабадтан, зæгъгæ, уæд нæ колхози сæрдар Губиати Ислам махæй хатир ракурдта æма нин фегъосун кодта: уотæ æма уотæ, колхози правлений фæндæй Михаил Калининæн æ балæггади туххæй финсæн еу фæллойнибон. Адæм исистадæнцæ æма бабæй æрдзæф. Уæдмæ дин гъæугæронæй ку æрбазиннидæ силгоймæгти къуар. Тæмæнтæ калунцæ сæ дарæстæй æма сæ цийнæйдзаг цæсгæнттæй. Адæм сæмæ кæсунцæ æма кæрæдзей фæрсунцæ:

– Ка 'нцæ?.. Ци æримистонцæ, сæ зæрди ци ес?..

Рацæй-рабон æй, æма етæ ба разиндтæнцæ фæстедзаутæ. Нæ гъæуи кизгуттæ. Æцæгæй, ке кизгуттæ, уой дин нæ зæгъдзæнæн, æнхæст сæ нæбал гъуди кæнун. Æригон кизгуттæ, талати хузæн. Гаппо сæ размæ рацудæй.

– Иуазæгæн лæвар ракæнун ирон адæмæн фидтæлтæй байзадæй, – загъта Гаппо. – Нæ лæварбæл банвæрсæ, Михаил Калинин, уомæн æма зæрдиаг лæвар æй. Табуафси.

Æма кизгуттæ 'рбахастонцæ цохъа æд бæрцитæ, хъæма æд ронæ, бухарходæ, æгънæггин хæдонæ, нимæт, баслæхъ, æртгевагæ фæлмæн цулухътæ. Адæми цийнæн ма кæрон кæми адтæй! Устур арфитæ фæккодта Михаил. Куд æй балæдæрдтан, уотемæй уæддæр бабæй æ хуæздæр бæлдæ адтæй адæмти æнсувæрон лимæндзийнадæ æма æмцæдесон фæллойнæ. Гæнæн ку адтайдæ, уæд, æвæдзи, нæ еугурей дæр æ хъури æрбакодтайдæ. Баруагæс ди уæд, еугур дзиллæ дæр ибæл уотæ райахур æнцæ, уотæ хæстæг æй æрбайстан нæ зæрдитæмæ, раст цума æ сабийбонтæй фæстæмæ не 'хсæн фæццардæй. «Хуæрзбон» нин ку загъта, уæд æрмæтъæл ан. Фал ци гæнæн адтæй: иуазæгæн æ ном æ уæле æй, цæугæ куд æрбакæнуй хæдзарæмæ, уотæ 'здæхгæ дæр ракæнуй. Еци бон нæ гъæу æ цийнæ ке хæццæ байеу кодта, еци адæми зæрдити арф æвæрд æй Калинини балц нæ ирон минкъий гъæумæ.

Фæрсис мæ, фæллойнибонæн нæ колхоз ци аргъ искодта, уомæй. Гъома, Михаил Калинини фæллойнибон ци бацæй, уой базонун дæ фæндуй, бæлвурдæй. Мæхуæдæг адтæн гъæубæсти минæвæртти хæццæ Мæскуй. Æрнимадтан еци фæззæг не 'фтуйæггæгтæ. Еу фæллойнибон нæмæ ислæудтæй: цуппæрдæс килограмми нартихуар, мæнæуæ – æртæ килограмми, картоф – æртæ пути, цихти кили цуппæрæймаг хай, фидигъзæл дæр уой бæрцæ, халсартæ – æртæ кили, цъопп ба – фулдæр. Уони мах цуппаремæй – Цъæхилти Хату, Дауиати Олинка, нæ колхози сæрдар Губиати Ислам æма æз – дзæбæх бафснайдтан æма сæ фæлластан Мæскумæ, Михаил Калининæн. Хестæрæн лæггадæ бакæнунмæ алкедæр бæллуй. Æма аци хатт еци кадæ махмæ 'рхаудтæй. Ка 'й зонуй, æгæр фæдздзурдтон... Нæ, нæ фæдздзурдтон. Кæд, миййаг, Калинини фагæ исбоц кæнун нæ базудтан, уæддæр нæ зæрдитæ хуарз æнцæ æма нæ фæндæуагæ кадæ æма радæй фæццардæй. Рохсаг уæд...

Советон доги ирон нæуæг гъæутæй еу æй Фарнигъæу. Куд раййивта æ хузæ, æ фæлгонцадæ! Æнæуой ба кæбæлти æма кæбæлти 'нцæ абони æ фадуæттæ, уавæртæ, гæнæнтæ!..

***АНДИАТИ Мæхæмæт***
***(Аци æрмæг исистан нæ редакций архивæй.)***

*Аци фæрстæбæл ци къартæ мухур кæнæн, уонæми æвдист цæуй, Михаил Калинини куд цитгинæй исиуазæг кодтонцæ Цæгат Иристони, ардæмæ балций ку иссудæй, уæд.*





**Инæлар-майор Есити Аслæмурзи фурт Хъасболати райгурдбæл 26 ноябри æнхæст кæнуй астинсæй анзи (1865-1916). Бæгъатæрæй фæммард æй Фиццаг дуйнеуон тугъди рæстæг, æма ин æ бæгъатæрдзийнадæн бæрзонд кадæ кæнгæй æ мард исластонцæ Иристонмæ, байвардтонцæ 'й æ райгурæн гъæу Карцай.**

*Если уволиться, то встает вопрос: «А на что же жить?..» Если работать, то встает вопрос: «А когда же жить?..»*

* * *

*Врать не люблю, но по-другому никак людей не обмануть.*

* * *

*Женщины так непостоянны – сегодня одна, завтра – другая.*



Полтаваг тугъд. Швеций тугъдон раздзæугутæ, сæхе састбæл ке банимадтонцæ, уомæ гæсгæ сæ турусатæ æргубур кодтонцæ Петр I размæ, 1709 анзи 27 июни. Хузæ ист æй социалон хизæгтæй.

# МÆНГАРДÆН Æ ХИЙНÆ ÆХЕБÆЛ ÆРЦÆУЙ!..

2

Еци Питкуль ма Петр I исарази кодта, цæмæй 1700 анзи сæ еумæйаг знæгти нихмæ архайгæй фиццаг цæф, уруссаг паддзах райдайæни куд гъавта, уотæ Невай донбакæлæни ма никкæна, фал Нарви рæбунæй райдайгæй, цæмæй шведаг тухтæ еуварсгонд æрцæуонцæ, саксойнæгтæ кæбæл æртеголæ 'нцæ, еци сахар Ригæй.

Еци цæф куд рауадæй, уой ба зонæн – æ фæммулд Петр I «нарваг æфсæрми», зæгъгæ, хумæтæги нæ исхудта. Фал ку фæуууæлахез адтайдæ, уæд ин е 'мцæдесонтæ мæнæ ци цæттæ кодтонцæ: «Паддзах Нарва ку багъæуай кæна, уæд æнæмæнгæ гъæуй Англий, Голландий, Даний æма Бранденбурги еумæйаг тæрхонæй æй банимайун гъæуй, Лифляндий ке æй, уотæ...»

## УОНИ ЧЕРЧИЛЛЬ ÆРГЪУДИ КОДТА

Афонæ 'й къох исесун уæхæн гъудибæл, цума Цæгаттаг тугъд цудæй айдагъдæр Швеций нихмæ. Е уæхæн нихмæлæууæн иссæй, æма Петр I багъудæй комкоммæ шведаг къарол Карл XII нихмæ тох кæнун – е дин еу; гъудæй ма 'й е 'мцæдесонти мæнгарддзийнади къахкъуæрæнтæй хе гъæуай кæнун – е дин дууæ; уæдта ма, сæхе «нецигæнæг» ка худта, уотемæй ба имæ фæсмæкъурæй æрбалæборунмæ ци паддзахæдтæ гъавтонцæ уонæй дæр – е ба дин æртæ.

Æма райдæдта тогкалæн сæрзелæн, кæцими архайгутæ дæр æма «нецигæнгутæ» дæр, зæгъун æнгъезуй, еугурæй дæр бæлдтæнцæ еунæг гъуддагмæ – цæйбæрцæбæл гæнæн æма амал ес, уой бæрцæбæл Уæрæсе исæнæхъаурæ кæнунмæ.

Зæгъæн, 1700 анзи Англи æма Голланди денгиз æрдигæй дзармадзантæй фатадзагъд исаразтонцæ Копенгагенбæл. Уомæй фæййагъаз кодтонцæ Данийæн тугъдæй æхе райсунæн, уæдта Карл XII тухтæ иссæребарæ кæнунæн, цæмæй ниццæвонцæ сæхе Петр Фиццаги æфсæдтæбæл Нарви рæбуни. Карл XII 1707 анзи сæ уæраги сæртæбæл Польшæ æма Саксоний ку æрлæуун кодта æма æхе Австрий хæццæ тугъдмæ ку цæттæ кодта, раст еци рæстæг имæ фæззиндтæй Джон Черчилль, Мальборой фиццаг герцог æма ин ниллигъстæ кодта, цæмæй тугъд æрдæргъос кæна Европи æма еугур хъауритæй дæр æхе ниццæва Уæрæсебæл. Англисаг минæвар æхцабæл дæр нæ байаурста. Карл XII рæбун архайæг французаг ихуæрст Константин де Турвисль куд имиста, уотемæй шведаг къаролæн е айдагъ æ унаффæгæнæг граф Пиперæн равардта 300 мин экюй... Цидæр адтæй, уæддæр Карл дæр исарази æй. Фал æ рæумиуæ æ фæрстæй фæцæй. Разæй имæ Уæрæсей æнгъæлмæ кастæй Полтавæ – уоми гиризгаги дæрæнгонд кæми æрцудæй, уæхæн тугъд...

### КÆРОНБÆТТÆНИ БÆСТИ

## РÆСТÆГУТИ ЦИЙФÆНДИ ХАТДЗÆГТÆ ДÆР РАСАГЪÆСИ АККАГ ÆНЦÆ...

Уруссаг æфсæддон разамонгутæ шведаг тугъдонти цæйбæрцæбæл хъæбæрдæр æлхъивтонцæ, уой бæрцæбæл тухгиндæр кодта Уæрæсей æмцæдесонтæ æма фæрсæйкæсæг паддзахæдти нихмæлæууддзийнадæ.

1716 анзи англиссаг къарол Георг I карзæй бадæмдта, цæмæй британайг министр Джеймс Стэнхоуп бардзурд радта адмирал Джон Норисæн: «Æвæстеуатæй бампурсун гъæуй Уæрæсей паддзахмæ, ахæст куд æрцæуа, æма 'й дара, цалинмæ уæрæсейаг æфсæдтæ Дани æма Германий зæнхитæй нæ райсонцæ сæхе, уæди уæнгæ…»

Англи, Австри æма Польши сæ медастæу 1719 анзи сахар Вени ци бадзурд исаразтонцæ, уомæй куд баунаффæ кодтонцæ, уотемæй, Швеций хæццæ ку бафедауонцæ, уæд цæмæй Уæрæсемæ Невай донбакæлæнæй уæлдай маци æрхауа. Уобæл Петр I арази ку нæ уа, уæдта æ нихмæ еумæйаг тухтæй истохун, æма, сауæнгæ ци бæстихæйттæ байеу кодта æхемæ, уони дæр ин фæстæмæ байсун, уой хæццæ ба ма ин Киев æма Смоленск дæр байсун. Сæ еци фæндитæй сæ фæффудевгед кодтонцæ, уруссæгтæ Швеций билгæрæнтти ци æндиудæй-æндиуддæр десанттæ исаразтонцæ, етæ.

Уæди сабуйради бадзурдæй æртæ анзи фæстæдæр Петр I аккаг хатдзæгтæ искодта æхецæн æма етæ абони дæр ма нин æнцæ ахсгиаг. Уæлдайдæр ба, абони Уæрæсе ци сæрмагонд æфсæддон операци æнхæст кæнуй Украини неонацизми нихмæ, уой рæуонæй нæ нихмæ нигулæйнаг паддзахæдти «раздзæугутæ» нæ нихмæ аллихузон фудмадзæлттæй æвзедæнтæ ке аразунцæ, уомæ гæсгæ дæр. Баруагæс уи уæд, евгъуд рæстæгути цаутæ æма хабæртти хатдзæгтæ цийфæнди ку уонцæ, уæддæр абони дæр ма расагъæс сæбæл кæнуни æма си нæхецæн пайдайагæн цидæртæ райсуни аккаг æнцæ. Уомæ гæсгæ ба сæмæ гъæуама æнæнвæрсонæй ма кæсæн, фал сæ лæмбунæг кастæй æртасæн æма нин зундæфтауæн уæнтæ…

*Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта*
***КОЛИТИ Витали***



Кæстæр фæлтæрти гъомбæл кæнун гъæуй, цæмæй син Фидибæсти евгъуд рæстæгути цитгийнаг цаутæ æма хабæрттæ зæрдтагон уонцæ.

### УОТÆ ЦÆМÆН ДЗОРÆН?..

## ХЪÆРÆУ ЦÆСТИ 'РДИГÆЙ ИМÆ БАЦО

Еуæхæни, дан, Тотур иуазæгуати адтæй Фæлвæрамæ. Хуарз ку фæммийнасæ кодтонцæ, уæд гъолæй гъазунæй сæхе ерхæфстонцæ. Гъазгæ-гъазун син дзубанди райеудагъ уидæ æма син буцæу расайдта. Буцæу ба фæцæнцæ, ке фонс си хуæздæр æма кадгиндæр æй, уобæл. Фæлвæра арфæ ракодта Хуцауæн, хæдзари фонс ин æ барæ ке бакодта, уой туххæй. Адæмæн, дан, царди хуасæ 'нцæ, æма сæ дарунцæ, уарзунцæ сæ, уæдта Хуцау æма е 'сконд изæдтæ æма идаугутæ дæр нивондаг уонæй агорунцæ. Гъе, уомæ гæсгæ Фæлвæра æхе рахудта изæдтæй тæккæ амондгундæр.

Тотурæн гъулæг адтæнцæ Фæлвæрай æстауæн дзубандитæ, бахицæ имæ кодта, фал æ угæ нæ равдиста. Е нæ, фал æ берæгъти сæрбæл дзорун райдæдта, æцæг сæ цæмæй растауа, уой нæ ирдта. Æ дзубанди нæ рæстмæ кодта, истухстæй, æ хицæдзийнадæ фæттухгиндæр æй æма еци уавæрæй куд фæййервазтайдæ, уой нæбал зудта. Фæстагмæ æ фусуни хæццæ гъазгæй гъæбесæй хуæцун райдæдта. Æма цума барæй нæ адтæй, уотæ ин тумбул къохæй æ галеу цæстæ агъазиау цæф бакодта.

Фæлвæра фæхъхъæрæу æй, æ галеу цæстæй нæбал уидта. Тотур хуарзау нæбал адтæй, хатир корун си райдæдта. Фæлмæнзæрдæ æй Фæлвæра, æ фонсæн тæрегъæд кæнгæй, æ номбæл косарт кæнун дæр нæ уадзуй, ирон адæм имæ цихтæй, дзиккайæй ковунцæ.

Тотурæн дæр бабæй ниххатир кодта æ цæсти цæф æма 'й уой нисанæн æ гъæбеси 'рбакодта.

Еци миуæ дæр не 'рсабур кодта Тотури хæранзæрдæ æма фудзунд. Сæхемæ ку 'рбаздахтæй, уæд фæдздзурдта берæгъти раздзæуæг Цъæхоймæ. Балæдæрун ин кодта, Фæлвæрай галеу цæстæ ке фæссахъат æй, уой æма ин бафæдзахста, еугур берæгътæн дæр куд фегъосун кæна аци хабар, цæмæй ин æ фонсмæ лæборонцæ галеу цæсти 'рдигæй.

Уотæ Тотур гадзирахаттæй рацудæй Фæлвæрабæл. Адæми 'хсæн ба байзадæй дзурдæн, хъæрæу цæсти 'рдигæй имæ бацо, зæгъгæ. Фæззæгъунцæ 'й, гъуддаг кæмæй арæзгæ фæууй, е барæ ку нæ фæддæттуй, уæд. Гъома, естæмæй æй балхæнæ.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **530.** Заказ **№ 2520.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 21.11.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 21.11.2025.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.